

## Plan akomodasyon Seksyon 504 pou dyabèt

Ane lekòl: \_\_\_\_\_ Dat reyinyon ekip 504: \_\_\_\_\_

DBN ak non lekòl: \_\_\_\_\_

### Enfòmasyon sou elèv ak fanmi

Non elèv la: \_\_\_\_\_ Andikap/dyagnostik: \_\_\_\_\_

Tip \_\_\_\_ Dyabèt

OSIS#: \_\_\_\_\_ Dat nesans: \_\_\_\_\_

Pwofesè Salklas: \_\_\_\_\_ Nivo klas: \_\_\_\_\_

Non parapwofesyonèl la (si genyen): \_\_\_\_\_

Lang paran/responsab elèv la prefere pale ak ekri: \_\_\_\_\_

### Manm ekip 504

*Mete non kowòdonatè 504 la, tout manm ekip 504 la, ak tit yo.*

Non	Wòl
1.	Kowòdonatè 504
2.	Paran/responsab
3.	Enfimyè Biwo sante lekòl (Office of School Health) (si se ka a)
4.	
5.	
6.	

### Objektif plan sa a

Dyabèt ka lakòz nivo glikoz nan san (sik) pou vin twò wo oswa twò ba, tou de ka afekte kapasite elèv pou aprann menm jan an tou sa ka mete sante elèv la an danje seryezman ni imedyatman ni alontèm. Objektif plan sa a se pou bay èd ak sèvis ak akomodasyon ki asosye yo ki nesèsè pou kenbe glikoz nan san nan yon nivo san danje, epi pi pre posib limit founisè sante a vize pou elèv la, ak bay repons apwopriye lè nivo sik la andeyò limit sa a dapre enstriksyon founisè swen sante elèv la bay.

Kowòdonatè 504 la ap kowòdone avèk lòt manm Ekip 504 yo pou fè aranjman pou pran swen dyabèt elèv la nan pwogram ak aktivite Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (New York City Department of Education, DOE) yo.

Yo dwe revize Plan sa a avan chak fen ane lekòl oswa pi souvan si sa nesèsè, epi amande l nan moman evalyasyon an, si nesèsè.

### Definisyon yo itilize nan plan sa a

**Pwogram oswa aktivite DOE :** Nenpòt pwogram oswa aktivite DOE patwone, tankou pwogram oswa aktivite apreleklòl PA/PTA ki pa nan kourikoulòm lan ki fèt nan yon bilding DOE.

**Fòm ak dokiman siplemantè pou yo bay medikaman pou maladi dyabèt (*Diabetes Medication Administration Form and Addendum, DMAF*):** Fòm pou kòmande medikaman ak nenpòt dokiman siplemantè Biwo pou sante lekòl ki gen rapò avèk swen maladi dyabèt, ki gen ladan bezwen medikaman yon elèv ki gen dyabèt. Se founisè swen sante elèv la pou ki ranpli DMAF la ak nenpòt dokiman siplemantè, kote paran / responsab la gen pou siyen, epi Biwo sante lekòl revize l. Yon fwa DMAF elèv la pou ane lekòl la (ladan tout revizyon) pare pou yo aplike l, Ekip 504 la ap revize Plan sa a epi fè nenpòt revizyon ki nesèsè an konfòmite avèk nouvo DMAF oswa sa yo revize a.

**Estaf ki pa gen lisans yo fòme (*Trained Non-Licensed Personnel, TNP*):** Estaf lekòl ki pa estaf medikal ki resevwa fòmasyon nan konesans debaz sou dyabèt epi ki resevwa fòmasyon sou swen dyabèt ke enfimiyè lekòl la kowòdone, ladan rekonèt ak trete ipoglisemi, rekonèt ipèglisemi, kontwòle glikoz nan san, bay glucagon ak tcheke setòn (ketone), pral fè travay swen dyabèt sa yo an akò avèk lwa, règ, ak règleman ki an vigè yo. Fòmasyon yo gen ladan referans apwopriye ki vin apre bay enfimiyè lekòl la jan sa ye DMAF la. Y ap bay tout TNP yon kopi Plan sa a ki gen detay konsènan siy ak sentòm ipoglisemi ak ipèglisemi yo souliye, ak wòl yo, epi yo pral resevwa fòmasyon sou DMAF espesifik yo elèv.

## 1. Bay swen pou dyabèt

- 1.1. Omwen \_\_\_\_\_ manm estaf lekòl la pral resevwa trening nivo 2 pou yo vin yon TNP, epi y ap sou lis nan Seksyon 2.1. Omwen \_\_\_\_\_ manm estaf lekòl la pral resevwa trening nivo 1 + Glucagon, y ap sou lis nan Seksyon 2.4. Yon enfimiyè lekòl, enfimiyè lekòl ranplasan oswa enfimiyè ki sou kontra, oswa youn nan manm estaf lekòl sa yo ap disponib nan lokal kote elèv la **toujou ye** lè lekòl la ap fonksyone, pandan aktivite ki pa nan pwogram akademik DOE yo, ak nan pwomnad DOE yo pou bay swen dyabèt dapre Plan sa a ak jan yo di sa nan DMAF la.
- 1.2. Enfimiyè a dwe fè travay dyabèt sa yo dapre DMAF elèv la, epi li dwe resevwa fòmasyon pou li fè nenpòt sa ki pi ba yo, si sa nesèsè
  - detèmine dòz ak bay ensilin
  - bay glikagon si sa nesèsè
  - tcheke setòn (ketone), dapre DMF la
  - kenbe dosye apwopriye sou tretman ensilin al lòt tretman pou sik nan san li bay
  - komnike avèk paran/responsab osijè tretman dyabèt
  - komnike avèk founisè swen sante elèv la osijè tretman dyabèt
  - kominike avèk doktè Biwo sante lekòl si sa nesèsè
  - kowòdone avèk direktè lekòl la pou kòmanse fòmasyon pou estaf lekòl
  - \_\_\_\_\_
  - \_\_\_\_\_
- 1.3. Si yo te bay elèv la yon parapwofesyonèl, parapwofesyonèl la dwe resevwa fòmasyon kòm yon TNP epi li pral fè travay swen dyabèt sa yo nan salklas la, oswa tout kote timoun lan ye [**Tcheke sa ki apwopriye yo**], nan limit maksimòm posib:
  - Konfòme yo ak Prekosyon Estanda pou Prensip Kontwòl Enfeksyon konsènan ijyèn men yo, Ekipman
    - Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE), manyen aparèy san danje, planifikasyon pou jete zegwi/objè ki file ansekirite
  - Tcheke nivo glikoz nan san avèk aparèy pou pike dwèt
  - Kontwòle nivo glikoz avèk kontwòl (Continuous Blood Glucose Monitor, CGM)
  - Tcheke setòn (ketone) si sa nesèsè, dapre DMAF, epi kontakte enfimiyè lekòl la si:
    - Ketone yo modere oswa gwo
    - Elèv la pa santi l byen
    - Lòt bagay: \_\_\_\_\_
  - Bay glikagon epi rele 911 nan ka yon ijans epi kenbe dosye apwopriye sityasyon an

mete enfimiyè ak administrasyon lekòl la okouran

- Bay glikoz efè-rapid oswa snack si sik la ba [**Pran I nan DMAF la**: glikoz nan san \_\_\_\_\_ mg/dL]; fè enfimiyè a konnen
- Bay dlo epi kontwòle nan ka ipoglisemi [**Pran I nan DMAF la**: glikoz nan san \_\_\_\_\_ mg/dL]; fè enfimiyè a konnen
- Kominike avèk paran/responsab la konsènan sa ki pi wo a
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_
- \_\_\_\_\_

Si glikoz nan san elèv yo pran atravè kontwòl glikoz san oswa CGM se \_\_\_\_\_ mg/dL oswa pi wo, parapwofesyonèl la pral bay dlo ak suiv elèv la, tcheke pou ketonn, jan yo di sa nan DMAF elèv la, epi mete enfimiyè lekòl la okouran. Jeneralman yo pa ta dwe kenbe elèv nan sal medikal la pou glikoz nan san l ki wo sòfsi elèv la pa santi l byen oswa ap resevwa tretman ensilin.

Dapre dokiman siplemantè DMAF la, si CGM la \_\_\_ oswa pi ba, oswa sentòm yo pa menm avèk nimewo ak/oswa flèch yo, parapwofesyonèl la ka fè yon tès finger-stick glikoz nan san.

Lè pwòp parapwofesyonèl yo bay elèv la pa disponib, yon parapwofesyonèl ki gen fòmasyon apwopriye pral bay swen dyabèt sa a.

## 2. Estaf ki pa gen lisans yo fòme

- 2.1 Manm estaf lekòl sa yo, ladan parapwofesyonèl la si yo chwazi youn (gade Seksyon 1.1 pi wo a) pral resevwa trening nivo 2 pou ranpli responsablite yo kòm yon TNP (mete tout non yo, tit ak dat trening lan):
- 2.2 Biwo transpò elèv asire tout chofè otobis oswa asistan otobis ki transpòte elèv la te resevwa fòmasyon sekirite sou sekirite ak glikagon dapre egzijans Depatman Edikasyon Eta Nouyòk ak DOE ki aplikab.
- 2.3 **Nenpòt manm estaf lekòl la ki pa yon TNP epi ki responsab pou elèv la nenpòt lè pandan lè lekòl, aktivite anplis DOE ki pa nan pwogram akademik lan, oswa pandan pwomnad DOE yo ap resevwa fòmasyon Nivo 1 ki pral gen ladan yon apèsi jeneral sou dyabèt ak bezwen swen sante tipik yon elèv ki gen dyabèt, kòman pou rekonèt nivo glikoz wo ak ba, ak kijan ak ki lè pou kontakte swa yon enfimiyè lekòl oswa yon TNP imedyatman.**

Manm estaf lekòl la ki te resevwa fòmasyon sa a se (mete tout non yo, tit yo, ak dat fòmasyon yo): [Mete pwofesè Edikasyon Fizik ak antrenè nan lis sa a. Gade Seksyon 5.]

- 2.4 Moun sa yo ki te volontè pou yo jwenn fòmasyon ap resevwa fòmasyon sou ki jan pou yo bay glikagon, apa fòmasyon ki dekri nan 2.3:

**3. Nivo elèv la nan pran swen tèt li ak kote pwodwi pou ak ekipman ye**

**3.1 (a) Jan yo di sa nan DMAF la:**

Nivo konpetans elèv pou teste glikoz nan san li se:

- Enfimyè/adilt dwe tcheke glikoz san an
- Elèv la ap tcheke glikoz san li anba sipèvizyon yon adilt
- Elèv la ap tcheke glikoz san li san sipèvizyon

Nivo konpetans elèv pou bay tèt li ensilin se:

- Elèv ki depann de enfimyè: enfimyè a dwe bay medikaman
- Elèv ki sou sipèvizyon: elèv la ka bay tèt li ensilin, anba sipèvizyon yon adilt
- Elèv endepandan: Yon founisè ki gen lisans ateste elèv la ko pote / pran ensilin poukont li

Yo ta dwe kenbe nivo konpetans yo mete pou orè lekòl la jan yo di sa pi wo a nenpòt lè ak nan nenpòt kote nan lekòl la, nan pwomnad, nan lokal nan aktivite ki andeyò kourikoulòm akademik debaz DOE a, ak nan otobis lekòl la.

(b) Elèv la bezwen yon TNP pou l pèfòme oswa li bezwen sipèvizyon pou lòt travay swen dyabèt sa yo (paegzanp bay bay endis oral pandan elèv la ap kontwole glikoz nan san l ak pran ensilin poukont li, verifeye si kalkil la kòrèk pou kontaj glisid la). Presize nivo endepandans avèk responsablite a:

**3.2** Y ap pèmèt elèv la ak / oswa TNP (ki gen ladan parapwofesyonèl yo mete a) pou pote materyèl ak ekipman dyabèt sa yo tout tan ak nan tout kote (tanpri mete telefòn ak / oswa smart watch la a, si sa aplikab): **[Tcheke DMAF la ak enfimyè lekòl la pou ranpli seksyon sa a]**

**3.3** Materyèl ak ekipman dyabèt elèv la pa kenbe sou li ak lòt materyèl anplis epi yo ap rete nan: **[Tipikman, seksyon enfimyè a/sal medikal salklas la, oswa avèk TNP (eksepte aparèy kontwòl CGM ak ekipman Personal Diabetes Manager)]**

**3.4** Paran/responsab elèv la responsab pou bay materyèl dyabèt ak manje pou satisfè bezwen elèv la jan DMAF la preskri l la.

**4. Snack ak repa**

**4.1 (a)** Manje repa ak snack selon DMAF la.

(b) DMAF la genyen kòmmand pou manje maten:  Wi  Non

- 4.2 Enfòmasyon sou kontni glisid pou snack ak manje Biwo Sèvis Manje ak Nitrisyon DOE (OFNS) disponib sou sit entènèt OFNS la, oswa sou demann direktè sèvis manje lokal lekòl la.
- 4.3 Yon ti snak oswa yon sous glikoz dwe toujou disponib imedyatman pou elèv la.
- 4.4 Pwofesè a ap mete paran / responsab okouran nenpòt chanjman nan orè snack oswa manje omwen 48 èdtan alavans, oswa pi vit posib si yo pa ka bay avi 48 èdtan.
- 4.5 Elèv la ap gen dwa manje yon snack kèlkeswa kote elèv la ye nan tan yo mete nan plan snack elèv ki depann de enfimye oswa sipèvize a, lè elèv ki endepandan an detèmine sa apwopriye a, oswa pou nenpòt elèv jan sa nesèsè pou tretman an. [Mete plis eksplikasyon, jan sa aplikab pou chak elèv ki dapre enstriksyon paran / responsab la, tankou: *Elèv la ta dwe toujou gen dwa manje nenpòt manje li prefere, ki gen ladan snack espesyal selebrasyon tankou gato.* Nan tan snack, yo ta dwe pèmèt li chwazi nan snack lekòl la bay oswa snack li pote soti lakay li.]
- 4.6 Paran / responsab la ap bay snack ki nesèsè apa oswa olye nenpòt snack yo bay tout elèv.
- 4.7 Paran / responsab la ap bay enfòmasyon kontni glisid (carbohydrate) pou snack ak manje elèv pote sot lakay li. Si paran / responsab la pa bay enfòmasyon sa a, enfimye lekòl la oswa TNP ap itilize yon sitwèb ki disponib pou piblik la pou kalkile idrat kabòn.
- 4.8 Y ap pèmèt ajisteman pou moman snack ak manje pou reponn chanjman nan orè sou demann paran / responsab ki konsistan avèk DMAF la.

## 5. Egzèsis ak aktivite fizik

- 5.1 Yo dwe pèmèt elèv la patisipe konplètman nan klas edikasyon fizik ak espò ekip ki konsistan avèk DMAF elèv la.
- 5.2 Pwofesè edikasyon fizik ak antrenè espò yo ap resevwa fòmasyon dapre Seksyon 2.3 epi yo pral resevwa yon kopi Plan sa a.
- 5.3 Manm estaf lekòl ki responsab la ap asire kontè glikoz nan san elèv la, yon sous glikoz ak dlo, toujou disponib nan lokal klas edikasyon fizik ak ekip espò ak jwèt DOE.

## 6. Dlo, twalèt, ak aksè pou asansè

- 6.1 Yo dwe pèmèt elèv gen aksè imedyat nan dlo lè yo bay elèv la kenbe yon boutèy dlo ak nan biwo elèv la, ak / oswa lè yo pèmèt elèv la sèvi avèk fontèn dlo san restriksyon.
- 6.2 Yo dwe pèmèt elèv la pou itilize twalèt san restriksyon.
- 6.3 Lese-pase pou asansè: Lè se ka a, manm estaf lekòl la ta dwe asire elèv la gen aksè nan yon asansè si sa nesèsè epi yo dwe akonpaye elèv la nan asansè a nenpòt lè sa posib (yo pa bay elèv yo kle/kat kle).

**7. Tcheke nivo glikoz nan san, bay ensilin ak medikaman, ak trete nivo wo oswa ba glikoz nan san**

- 7.1 Yo etabli nivo elèv la pou pran pwòp swen li nan seksyon 3 pi wo a ki gen ladan ki travay elèv la ka fè poukont yo ak pou kisa yo dwe gen asistans, oswa yon enfimye lekòl la oswa yon TNP totalman.
- 7.2 Y ap fè kontwòl glikoz nan san yo nan moman yo mete nan DMAF elèv la, chak fwa elèv la santi nivo glikoz nan san li ka wo oswa ba, oswa lè yo wè sentòm nivo glikoz nan san wo oswa ba. Enfimye oswa TNP ta dwe toujou minimize kantite tan elèv la ka manke enstriksyon nan salklas lè li decide kijan pou fè oswa ede yon elèv avèk tès glikoz nan san li, pandan li toujou mete swen pi apwopriye pou elèv la kòm priyorite.
- 7.3 Yo pral bay ensilin ak / oswa lòt medikaman pou dyabèt nan lè ak fason (eg, sereng, plim, oswa ponp) yo preskri sou DMAF ak / oswa dokiman siplemantè elèv la pou tou de dòz yo pwograme ak dòz ki nesèsè pou korije nivo glikoz nan san ki wo. Enfimye ta dwe toujou minimize kantite tan elèv la ka manke enstriksyon nan salklas lè li decide kijan pou bay yon elèv insilin, oswa, pou enfimye ak TNP, ede yon elèv bay tèt li ensilin, pandan yo toujou mete swen pi apwopriye pou elèv la kòm priyorite.
- 7.4 Ekip 504 la dwe diskite epi detèmine anviwònman ki pi restriktif pou swen dyabèt ki baze sou bezwen endividyèl elèv la men pa resous ki disponib. Yo ka bay swen dyabèt nan salklas la oswa nenpòt kote elèv la ye, sal medikal la, oswa lòt kote, ak yon objektif pou minimize tan enstriksyon elèv la ap rate ak bay li tan maksimòm pou li avèk kamarad li.

Espesifye **lokal** la pou chak travay swen dyabèt:

Y ap bay ensilin nan lè manje midi \_\_\_\_\_

Y ap bay ensilin pou pote koreksyon \_\_\_\_\_

Y ap bay ensilin nan lè snack \_\_\_\_\_

Y ap kotwole sik nan san \_\_\_\_\_

Y ap kontwole ketonn \_\_\_\_\_

- 7.5 Yo dwe bay elèv la entimite l pou kontwole glikoz nan san ak pran ensilin si elèv la vle.
- 7.6 Men sentòm abityèl sik (glokoz) nan san ki wo:

Men sentòm abityèl sik (glokoz) nan san ki ba:

Enstriksyon sou fason pou pote koreksyon nan nivo sa yo nan DMAF la.

- 7.7 Lè elèv la mande pou èd oswa nenpòt manm estaf la kwè elèv la ap montre siy nivo glikoz wo oswa ba, manm estaf la pral chèche asistans nan men enfimye lekòl la oswa TNP imedyatman pandan y ap asire yon adilt rete avèk elèv la tout tan. Pa janm voye yon elèv ki genyen aktyèl - oswa ou sispèk ki genyen - nivo glikoz nan san ki wo oswa ki ba okenn kote poukont li; asire TNP a oswa lòt adilt akonpaye elèv la.

- 7.8 Si elèv la vin pèdi konsyans:
1. Yon parapwofesyonèl oswa lòt TNP ap bay elèv la glikagon imedyatman san yo pa tcheke glikoz nan san epi yo dwe rele 911.
  2. Kontakte enfimiyè oswa TNP lekòl la (si enfimiyè a pa disponib).
  3. Parapwofesyonèl, enfimiyè, oswa lòt estaf lekòl la dwe rele 911 epi rete avèk elèv la.
  4. Y ap fè yon tès san glikoz avèk finger-stick lè elèv la reprann konsyans, si 911 poko rive.
  5. Kontakte biwo prensipal la
  6. Kontakte paran / responsab ak doktè elèv la nan nimewo ijans yo bay anba a.
- 7.9 Si l konsistan avèk lòd DMAF la epi li pa entèfere avèk tretman, elèv la ka mande pou anplwaye lekòl la, ki gen ladan enstriktè edikasyon fizik ak antrenèn, kenbe ponp ensilin elèv la pou li si elèv la chwazi pou li pa mete li pandan aktivite fizik oswa nenpòt lòt aktivite.

## 8. Transpò, pwomnad ak aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik lan

- 8.1 **[Kowòdonatè 504:** tcheke youn nan sa yo si sa aplikab apre yo fin konfime ak Kowòdonatè Transpò lekòl la] DOE dwe founi bagay sa yo nan otobis pou elèv la pou trajè ale-retou lekòl la chak jou:

- pa aplikab (yo pa bay transpò otobis (“busing”));
- enfimiyè pou transpò;
- parapwofesyonèl pou mwayen transpò;
  - Ekip 504 la dakò elèv ka pran otobis **san** prezans parapwofesyonèl SI: travay parapwofesyonèl la **sèlman** gen rapò avèk dyabèt; **EPI** yo bay chofè otobis/asistan ki la yo trening nan bay glucagon.
- transpò apati twotwa rive lekòl avèk asistan sèlman;
- transpò apati yon estasyon otobis rive lekòl la san asistan.

**EPI, sa ki obligatwa pou elèv gen gen otobis: ranpli [Chofè otobis ak asistan: Gid aksyon rapid](#).**

- 8.2 Y ap pèmèt elèv la patisipe nan tout pwomnad ak aktivite anplis DOE andeyò kourikoulòm debaz la (tankou tout aktivite apre lekòl, espò, club, ak pwogram ranfòsman DOE yo) san restriksyon epi avèk tout akomodasyon ak modifikasyon, ladan swen ki nesèsè nan men estaf idantifye lekòl la, ki nan plan sa a. Paran / responsab elèv la p ap gen obligasyon pou, men li ka chwazi pou, akonpaye elèv la nan pwomnad oswa nenpòt lòt aktivite lekòl la.
- 8.3 DOE pral bay yon enfimiyè pou bay ensilin jan sa nesèsè, oswa lòt anplwaye ki resevwa fòmasyon pou bay tout lòt swen dyabèt yon elèv ki gen dyabèt bezwen (ki gen ladan, men pa limite a, kontwòl glikoz nan san, rekonèt epi trete ipoglisemi, bay snack ak aksè dlo ak twalèt la), jan DMAF li egzijze li, pou tout pwomnad DOE ak aktivite anplis ki pa nan pwogram akademik debaz DOE, epi li pral asire elèv la gen materyèl dyabèt li avèk li, lè li akonpaye elèv la nan pwomnad sa yo oswa nan aktivite sa yo. Si estaf sa a se pa enfimiyè lekòl la, enfimiyè lekòl la dwe fè anplwaye yo mete nan Plan 504 ak DMAF elèv la. Nan kote kote enfimiyè a oswa manm estaf la fè DOE konnen yo pa disponib, DOE ap itilize tout posiblite imedyatman pou jwenn yon enfimiyè oswa yon manm estaf ranplasan. Si yon enfimiyè oswa yon manm estaf lekòl la ki gen fòmasyon pa disponib, direktè a dwe ranvwaye pwomnad la lè sa posib, oswa kòm yon dènye rekou anile pwomnad la, jiskaske gen aranjman pou bay elèv la swen.

- 8.4 Nan maksimòm limit posib, pwofesè elèv la ap mete paran / responsab, direktè lekòl la, ak enfimyè lekòl la okouran nenpòt pwomnad ki pral fèt omwen 2 semèn alavans pou yo ka voye yon demann enfimyè, ak omwen 30 jou alavans pou tout pwomnad jounen pwolonje oswa k ap pase nuit deyò pou yo ka jwenn ak revize nenpòt preskripsyon medikal anplis, epi pou yo ka mande yon enfimyè pou pwomnad la.
- 8.5 Ekri tout aktivite ak pwogram DOE elèv la ap patisipe ladan yo, epi presize ki moun ki pral bay swen dyabèt pandan aktivite / pwogram lan, ki kalite swen pou dyabèt moun sa a ap bay, ak dat yo pral / te resevwa fòmasyon (egzanp, manje maten lekòl, klib echèk, koral):

Pwogram: \_\_\_\_\_ Swen elèv la bezwen: \_\_\_\_\_

Moun k ap bay swen an: \_\_\_\_\_ Dat fòmasyon an: \_\_\_\_\_

Pwogram: \_\_\_\_\_ Swen elèv la bezwen: \_\_\_\_\_

Moun k ap bay swen an: \_\_\_\_\_ Dat fòmasyon an: \_\_\_\_\_

Pwogram: \_\_\_\_\_ Swen elèv la bezwen: \_\_\_\_\_

Moun k ap bay swen an: \_\_\_\_\_ Dat fòmasyon an: \_\_\_\_\_

Pwogram: \_\_\_\_\_ Swen elèv la bezwen: \_\_\_\_\_

Moun k ap bay swen an: \_\_\_\_\_ Dat fòmasyon an: \_\_\_\_\_

- 8.6 Si elèv la ap patisipe nan yon pwogram aprelekòl ki pa pwogram DOE, paran an ka kontakte kowòdonatè 504 la si li gen dout sou kapasite pwogram lan pou akomode dyabèt elèv la dapre obligasyon san diskriminasyon endepandan yo genyen.

## 9. Akomodasyon pou salklas ak pou egzamen

- 9.1 Si elèv la afekte avèk nivo glikoz wo oswa ba nan moman egzamen regilye oswa estanda, yo pral pèmèt elèv la pran tès la nan yon lòt lè san penalite.
- 9.2 Pou elèv ki itilize yon CGM, men akomodasyon yo pral itilize pandan tès la **[Tcheke sa ki apwopriye yo, si genyen]:**

Elèv ap gen pèmasyon pou gen aksè nan telefòn / smart watch, lè sa nesèsè, pou swen dyabèt ki konsistan avèk DMAF ak dokiman siplemantè ki pi resan yo. Pwofesè salklas la oswa siveyan an ap kontwole itilizasyon telefòn / smart watch elèv la pou prezève entegrite tès la.

Sal egzamen altènatif (pou egzamen akademik)

Mete telefòn nan yon kote ki ansekirite epi itilize sèlman yon reseptè/smart watch pou kontwole glikoz nan san

Dekonekte telefòn/smart watch nan entènèt (tankou lè l sèvi avèk mòd Avyon men pèmèt Bluetooth) pou pèmèt elèv kontinye sèvi avèk telefòn/smart watch pou kontwole glikoz.

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_



- 9.3 Si elèv la bezwen pran repo pou itilize fontèn dlo a oswa twalèt, tcheke glikoz nan san, oswa pou trete ipoglisemi oswa ipèglisemi pandan yon tè s oswa lòt aktivite, y ap bay elèv la tan anplis si li nesèsè pou fini tè s la oswa lòt aktivite a san penalite .
- 9.4 Yo dwe bay elèv la enstriksyon pou ede l ratrape ansèyman nan salklas li rate akòz swen dyabèt san penalite.
- 9.5 Y ap ekskize absans obligatwa pou randevou medikal ak / oswa pou maladi. Paran / responsab ap bay dokiman ki soti nan pwofesyonèl swen sante k ap trete elèv la si règleman lekòl la egzije sa.

## 10. Kominikasyon

- 10.1 Enfimyè lekòl la, TNP, ak lòt manm estaf lekòl la ap kenbe enfòmasyon ki gen rapò avèk dyabèt elèv la konfidansyèl dapre lwa, règ ak règleman ki aplikab yo.
- 10.2 Ankourajman enpòtan Yo ta dwe trete elèv la nan yon fason ki ankouraje elèv la manje alè, ak fè pwogrè pou l vin kapab jere pwòp tèt li, an kolaborasyon avèk endokrinològ elèv la ak fanmi li.
- 10.3 Pwofesè a oswa TNP a ap bay paran / responsab ak enfimyè a avi rezonab lè pral gen yon chanjman nan aktivite ki planifye yo tankou egzèsis, tan sou lakou rekreyasyon, pwomnad, fèt, oswa orè manje midi, yon fason pou manje midi a, plan snack, ak dòz ensilin lan ka ajiste kòm sadwa.
- 10.4 Y ap bay chak enfimyè lekòl ranplasan oswa enfimyè sou kontra k ap travay avèk elèv la enstriksyon alekri konsènan swen dyabèt elèv la ak yon kopi DMAF elèv la ak Plan sa a. Y ap bay chak pwofesè ranplasan k ap travay avèk elèv la enfòmasyon konsènan swen dyabèt elèv la ak ki jan ak ki lè pou yo kontakte imedyatman swa yon enfimyè lekòl la oswa yon TNP.
- 10.5 Lè yo voye yon nouvo DMAF, paran / responsab la ap mete enfimyè lekòl la okouran nouvo tretman jesyon dyabèt, ekipman, ak / oswa materyèl.
- 10.6 TNP a pral mete enfimyè a okouran tout kontwòl glikoz ak tretman pandan jounen lekòl la epi li pral bay enfimyè a dokiman sou tout repons jesyon dyabèt la nan fen jounen lekòl la pou mete l nan dosye medikal elèv la.

## 11. Evakyasyon pou ijans akabri anplas

- 11.1 Nan ka evakyasyon ijan oswa sitiasyonabri anplas, Plan 504 ak DMAF elèv la ap rete nan tout fòs ak efè.
- 11.2 Enfimyè lekòl la oswa TNP a ap bay elèv la swen dyabèt jan plan sa a dekri ak DMAF elèv la, yo pral responsab pou transpòte materyèl ak ekipman dyabèt elèv la, y ap eseye etabli kontak avèk paran / responsab elèv la ak bay dènye enfòmasyon, epi y ap resevwa enfòmasyon nan men paran / responsab la konsènan swen dyabèt elèv la. Enfimyè lekòl la ap resevwa ak transmèt enfòmasyon bay founisè medikal elèv la jan sa endike a.

## 12. Avi bay paran/responsab

### 12.1 Fè paran/responsab konnen sitiyasyon sa yo:

- Sentòm nivo glikoz san ki ba, tankou [**Metete sentòm espesifik ipoglisemi grav pou elèv sa a**]:
- Rezilta tèst sik nan san elèv la anba \_\_\_\_\_ oswa anba \_\_\_\_\_ 15 minit apre li fin bwè ji oswa tablèt glikoz.
- Siy ak sentòm nivo glikoz san ki wo, tankou [**metete sentòm espesifik ipèglisemi grav pou elèv sa a**]:  
\_\_\_\_\_
- Paran/responsab vle pou kontakte yo pou (bg/kaptè glikoz ) pi wo pase \_\_\_\_\_ ak rezilta tèst ketonn. (Yo dwe suiv DMAF la pou tretman).
- Elèv la refize manje oswa pran piki ensilin oswa bolus.
- Nenpòt chòk.
- Malfonksyònman ponp ensilin kit yo te rezoud pwoblèm lan kit yo pat rezoud li
- Itilizasyon mwayen ijans pou bay ensilin apre malfonksyònman ponp lan
- Lòt bagay:

## 13. Eksplikasyon sou jan pou yo kontakte moun nan ka ijans:

Rele paran / responsab nan nimewo ki pi ba yo. Si ou pa kapab jwenn paran / responsab la, rele lòt kontak ijans yo oswa founisè swen sante elèv yo ki nan lis pi ba a.

### Kontak pou ka ijans

#### Paran/Responsab

Kontak #1

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn kay: \_\_\_\_\_

Kontak #2

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn kay: \_\_\_\_\_

#### Lòt kontak pou ijans

Kontak #1

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn kay: \_\_\_\_\_

Sèlilè: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn travay: \_\_\_\_\_

Sèlilè: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn travay: \_\_\_\_\_

Sèlilè: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn travay: \_\_\_\_\_

Kontak

#2

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn kay: \_\_\_\_\_

**Founisè swen sante elèv la**

Non: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn kay: \_\_\_\_\_

Sèlilè: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn travay: \_\_\_\_\_

Sèlilè: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn travay: \_\_\_\_\_

## Siyati

Mwen resevwa [Avi DOE kont diskriminasyon dapre Seksyon 504 la](#) ak Avi sou elijiblite a. Lè mwen siyen la a, mwen konsanti pou yo bay pitit mwen an akomodasyon jan sa ekri pi wo a.

### Mwen apwouve l ak resevwa l

Siyati paran/responsab: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

### Mwen apwouve l ak resevwa l

Siyati administratè lekòl la: \_\_\_\_\_

Tit: \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_

Siyati enfimyè Biwo sante lekòl (si se ka a) \_\_\_\_\_

Dat: \_\_\_\_\_



**ADMINISTRATIVE USE ONLY / SE SÈL ANPLWAYE LEKÒL LA KI POU EKRI LA**

**Notes on Services Requested but Not Approved (Notes from the 504 Coordinator)**

**Notes on Accommodations Offered but Not Authorized by Parent (Notes from the 504 Coordinator)**

**Supporting Documentation**

*Has compliance information and the following documentation been submitted to the online 504 Data Tracker?*

- 504 Accommodation Request Forms
- [Notice of Non-Discrimination under Section 504](#)
- Notice of Eligibility Determination
- 504 Meeting Attendance Sheet
- Signed 504 Plan

*Has the 504 information also been entered into the ATS S504 screen?*

***Health Director Approval***

*(If a funded service is authorized by your Health Director)*

ASHR Form ID: \_\_\_\_\_